## ***ФИЛОЛОГИЯ***

# Литература народов Российской Федерации (литература народов Северного Кавказа)

ЩIэныгъэ тхыгъэ
УДК 608:81(470.6)
DOI: 10.31143/2542-212X-2022-2-165-181
EDN: FDUNVY

# ХУДОЖЕСТВЕННЭ КОНФЛИКТЫМРЭ ХЬЭЛ-ЩЭНХЭМРЭ ЛЫКЪУЭЖЬ НЕЛЛИ И «МЫЩIЭВАГЪУЭ» ПЬЕСЭ-ПСЫСЭМ КЪЫЗЭРЫЩЫГЪЭЛЪЭГЪУАР

**Абазэ Албэч Чамир и къуэ**
Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет, Налшык, Урысей, abazov1964@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-3823-393X

***Аннотацэ.*** Мы щIэныгъэ тхыгъэм щызэпкъырыхащ Лыкъуэжь Нелли адыгэ сабий драмэ-псысэ жанрым хуищIа хэлъхьэныгъэр. Нобэр къыздэсам щыIэкъым иджырей сабий литературэм теухуа къэхутэныгъэ-лэжьыгъэ, абы къыхэкIкIэ, адыгэ сабий литературэмрэ драматургиемрэ и жанр куэд нэсу джа, зэпкърыха хъуакъым. Мыбы ехьэлIауэ нэхъ мащIэу къэхутауэ щытщ хабзэ хъуа е щIэщыгъуэу къэунэхухэр. Нобэ глобализацэм къишэ Iуэху зэIумыбзхэр къэплъытэмэ, драматург-либреттист Лыкъуэжь Нелли IуэрыIуатэм щызекIуэ сюжетхэм гульытэ зэрыхуищIыр иужьрей лъэхъэнэм Хэку лъэпкъыбэ литературэм хабзэщIэу узыщрихьэлIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр къыхэгъэгъэщын хуейщ. Иджырей адыгэ литературэм ехъулIэныгъэфIхэр щиIэу псысэ жанрыр хэтщ икIи увыпIэ щхьэхуэ щеубыдыр: цIыхум и акъылым зэрызиузэщIым, гъащIэм и зэхэтыкIэр, и философиер кууэ къыщыхощ, икIи а гупсысэр нэсу къэIуэта хъун щхьэкIэ, художественнэ Iэмал зыбжанэ иджырей псысэхэм къыщагъэсэбэп; дамыгъэ, нэщэнэ, псалъэм и мыхьэнэ дыдэм нэмыщI нэгъуэщI къикIыу къэхьын. Лыкъуэжь Нелли и "МыщIэвагъуэ" пьесэ-псысэм иджыри зы гъэщIэгъуэнагъ хэлъщ: либреттэтх Iэзэм нэсу гульытэ хуещI, къегъэсэбэп псысэ жанрым и къалэн нэхъыщхьэхэу лъэпкъ-щэнхабзэр, псалъэм и къэгъэсэбэпыкIэр, абы щIилъхьэ гурыIуэгъуэр, жылагъуэ пщэрылъыр, ди адыгэ лъэпкъыр, абы и щэнхабзэр щIэныр, къызэщIегъэубыдэныр. ИкIи апхуэдэ драмэтическэ тхыгъэхэр гъуэгугъэлъагъуэ яхуохъу, нэхъ пэгъунэгъу ухуащI дунейр зэрыщытыр художественнэу къэгъэлъэгъуэныр. Фи пащхьэ къитлъхьэ мы статьям дэ иджыри ди нэIэ зытета Iуэхугъуэхэм ящыщщ Лыкъуэжь Нелли и пьесэ-псысэм лъэпкъ щыIэкIэ-псэукIэм ехьэлIа гупсысэхэм щыгъуазэ щIынымкIэ темэм, гупсысэ нэхъыщхьэхэм, стилым, нэгъуэщI щхьэхуэныгъэхэм, щытыкIэхэм зэрыхуэ-Iэижьыр.

***Псалъэ IункIыбзэIуххэр***: драматургие, литературэ, пьесэ-псысэ, художественнэ конфликт, либреттэ, сюжет, персонаж, миф, типологие, IуэрыIуатэ.

**Цитатэ къызэрыхэпхынур:** Абазэ А.Ч. Художественнэ конфликтымрэ хьэл-щэнхэмрэ Лыкъуэжь Нелли и «МыщIэвагъуэ» сабий пьесэ-псысэм къызэрыщыгъэлъэгъуар // Электронный журнал «Кавказология». – 2022. – № 2. – С. 165-181. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-2-165-181. EDN: FDUNVY.

© Абазэ А.Ч., 2022

Original article

# ARTISTIC CONFLICT AND THE CHARACTERS OF THE FAIRY–TALE PLAY "THE STARSTONE" BY NELLY LUKOZHEVA

**Albek Ch. Abazov**
Kabardino-Balkarian State University named after H. M. Berbekov, Nalchik, Russia, abazov1964@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-3823-393X

***Abstract.*** The article explores the contribution of Nelly Lukozheva to the development of the genre in the Adyghe children's dramatic tale. Until now, in Adyghe literary criticism, there is no research work on modern children's literature, and many genres of Adyghe children's literature and drama are still poorly studied. The appeal of the playwright-librettist Nelly Lukozheva to folklore motives in globalization problems should be considered as a certain trend that has recently been noted in domestic multinational literature. Currently, the genre of literary fairy tale in the Kabardino-Circassian language occupies an important place in modern Adyghe literature. The world of the author's artistic fairy tales reflects the life philosophy of the author and the moral and ethical norms and laws of society and the state, transmitted through symbols, signs, metaphors and various sentiments. The play-fairy tale "Starstone" by Nelly Lukozheva provides a relevant subject of research, because the author turns his close attention to the cultural, ethnic, lexical and social functions of fairy tales. Therefore, the emergence of recent works of drama makes it possible to touch the spiritual culture of the Adyghe people. Dramatic works as fairy tale plays are of special scientific interest both in theoretical terms and in studying the forms and features of the existence of folklore. The proposed article also draws attention to the presence in the fairy tale play of Nelly Lukozheva of ethnic information at the level of themes, ideas, style and some specific aspects, reveals artistic conflict and gives images of the heroes characteristics in her fairy tale play "Starstone."

***Keywords:*** dramaturgy, literature, fairy tale play, artistic conflict, language, libretto, plot, character, myth, typology, folklore.

**For citation:** Abazov A.Ch. Artistic conflict and the characters of the fairy-tale play "The starstone" by Nelly Lukozheva. IN: Electronic journal «Caucasology». – 2022. – № 2. – P. 165-181. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-2-165-181. EDN: FDUNVY.

© Abazov A.Ch., 2022

Научная статья

# ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ КОНФЛИКТ И ОБРАЗЫ ГЕРОЕВ ПЬЕСЫ – СКАЗКИ «ЗВЕЗДНЫЙ КАМЕНЬ» НЕЛЛИ ЛУКОЖЕВОЙ

**Альбек Чамирович Абазов**
Кабардино-Балкарский государственный университет им. Х.М. Бербекова, Нальчик, Россия, abazov1964@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-3823-393X

***Аннотация.*** В статье исследуется вклад Нелли Лукожевой в развитие адыгской детской драматической сказки. Отмечается, что до сих пор в адыгском литературоведении отсутствует исследовательская работа по современной детской литературе, а многие жанры адыгской детской литературы и драматургии все еще остаются малоизученными. Обращение драматурга-либреттиста Нелли Лукожевой к фольклорным мотивам в контексте проблем

глобализации следует рассматривать как некую тенденцию, которая в последнее время отмечается в отечественной многонациональной литературе. В настоящее время жанр литературной сказки на кабардино-черкесском языке занимает важное место в современной адыгской литературе. Мир авторских художественных сказок отражает жизненную философию автора и морально-этические нормы и законы общества и государства, передаваемые через символы, знаки, метафоры и различные сентенции. Пьеса-сказка «Звездный камень» Нелли Лукожевой предоставляет собой актуальный предмет исследования, потому что в ней автор обращает внимание на культурно-этническую, лексико-образную и социальные функции сказок. Поэтому появление новых художественных произведений драматургической направленности дает возможность прикоснуться к духовной культуре адыгского народа. Драматические произведения в форме пьес-сказок представляют собой особый научный интерес как в теоретическом плане, так и с точки зрения изучения форм и особенностей существования фольклора. В предлагаемой статье также обращено внимание на присутствие в пьесе-сказке Нелли Лукожевой этнической информации на уровне тем, идей, стиля и некоторых специфических аспектов, выявляется художественный конфликт и дается характеристика образов героев пьесы-сказки «Звездный камень».

***Ключевые слова:*** драматургия, литература, пьеса-сказка, художественный конфликт, язык, либретто, сюжет, персонаж, миф, типология, фольклор.

**Для цитирования**: Абазов А.Ч. Художественный конфликт и характеры пьесы – сказки «Звездный камень» Нелли Лукожевой // Электронный журнал «Кавказология». – 2022. – № 2. – С. 165-181. – DOI: 10.31143/2542-212X-2022-2-165-181. EDN: FDUNVY.

© Абазов А.Ч., 2022

АдыгэбзэкIэ тха сабий литературэр ди художественнэ литературэм и зы Iыхьэщ, ещхьыркъабзэуи сабий драматургиери а литературэм и зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэщ, уеблэмэ адрейхэм нэхъри нэхъ гугъущ. Арагъэнщ тхакIуэ куэдым а жанр мытыншым зыщIрамыпщытри.

Нобэрей адыгэ сабийхэм папщIэ литературэм и щытыкIэм уригъуазэмэ, гу лъумытэу къанэркъым драматургиер усыгъэми прозэми къыкIэрыху хуэдэу зэрыщытым. Ауэ, насып диIэщи, а жанр гугъум щылажьэу, сабийхэм яхуэтхэ драматург зыбжанэ ди тхакIуэхэм яхэтщ. Абыхэм ящыщ зыщ Лыкъуэжь Нелли [Абазов, Ахметова 2015:31].

• Адыгэ цIыхубз – либреттэтх Лыкъуэжь Нелли иджыблагъэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ инверсие гъэпсыкIэ зрита «МыщIэвагъуэ», адыгэ псысэхэр зи лъабжьэ пьесэ-таурыхъыр [Лукожева 2021: 108–139]. Псысэ-пьесэм къыщIэдзапIэ хуэхъуар Плъыр-дадэ и башыр (ар НэжьгъущIыдзэ къыхуихьауэ арат) ядыгъуауэ, дыгъэ къыкъуэгъэкIынри, вагъуэ исхэм я бжыгъэр зы щIыжынри хъужыртэкъым. ЗанщIэу къыжытIэнщи, фIагъ зыдэплъагъу лIыхъужьу хъуар Плъыр-дадэ, бзаджагъэ зыдэплъагъуу хъуар – отрицательнэхэр НэжьгъущIыдзэ я телъхьэу мы пьесэм гупитIу щызэпэщIэтщ.

Къуажэм и теплъэмкIэ, пщэдджыжь нэхущым дунейр къызэрыушымкIэ, Плъыр-дадэ абыхэм псоми зэрыхэлэжьыхьыр, бзухэмрэ уэрэдхэмрэ зэдежьууж махуэр къызэрырагъыхьэмкIэ пьесэм къыщIедзэ. ЗэрыщIидзэу гурыIуэгъуэ мэхъу мы пьесэр псысэу зэрызэхэлъыр. Дадэм уэрэд щыжиIэкIэ, бзухэр къыдожьу, и Iэр ищIмэ, мазэр къыкъуокI-къуохьэж, апхуэдабзэщ дыгъэри. Япэ дыдэ сценэм деж долъагъу Плъырдадэм и башыр НэжьгъущIыдзэм

зэрызыIэригъэхьэр, абы и ужьым иту зы вагъуи къызэрехуэхар. Иджы, а мэгъу башыр абы имыIэжмэ, дунейр сытым дежи кIыфIу щытыну арат. МыщIэвагъуэрэ мэлыхъуэ башымрэщ къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм итыр. Ахэр зыIэрыхьэ лъэныкъуэр, фIыр е Iейр, дунейм тепщэ щыхъунущ.

Ауэ Плъыр дадэм зэран къыхуэхъу зэпыту - зы Iуэху зэран гуэр щыIэщ. А щIыкIэм тету щIылъэм зы гузэвэгъуэ гуэр къызэрыхъунум дыхуигъэхьэзыру аращ авторым. Апхуэдэу, щэхуу нэхуу здэщысым, уафэм, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу, адакъэшым тесрэ НэжьгъущIыдзэр зи шыплIэм дэс Уэзрэджябгэр къолъэтэх. А теплъэгъуэ шынагъуэмкIэ къэхъун-къэщIэнухэм я щIэдзапIэм дыхуегъэхьэзыр авторым. А нэгущIэкIымкIэ Уэзрэдж ябгэм къуажэм фIы къазэрыхуимыхьар дегъэлъагъу. Апхуэдэурэ авторым дыхешэ пьесэ псысэм ди нэгу щыщIэкIыну Iуэхугъуэхэмрэ къэхъукъащIэхэмрэ. «МыщIэвагъуэ» пьесэ-псысэм персонаж дыщызрихьэлIэхэм я зэхуэдитIыр псэущхьэхэщ. Ахэр Алмэсты пашэ, Алмэсты хъыджэбз, Джэду, ТIы, Алмэстыхэр, хьэщхьэвылъэхэр, бзаджэнаджэ-нэджэIуджэхэр, адакъэш сымэщ.

Псэущхьэхэр мэпсалъэ, цIыхум зэрихьэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпыф, теплъэкIэ фIэкIа цIыхухэм къащхьэщыкIыркъым. ЦIыхухэр нэхъ акъылыфIэщ жыпIэнумэ, а псэущхьэхэми акъыл жан зиIэхэри яхэтщ. Ауэ псэущхьэхэм персонаж гурыхь яхэткъым, цIыхухэм зэрахэтым хуэдэу. Алмэстыхэм, Бзаджэнаджэхэм, ТIыми, Джэдуми я къалэныр зыщ НэжьгъущIыдзэ хуэпщылIын, абы и лъэныкъуэу щытын. ХьэкIэкхъуэкIэхэр къэгъэдэIуэгъуафIэщ, ауэ ТIымрэ Джэдумрэ лей гуэр къатехьати, фызыжьым пэщIэувэжахэщ асыхьэту.

Уафэм епха теплъэгъуэхэми пьесэм щIыпIэшхуэ щаIыгъщ. Ахэр МыщIэвагъуэ (вагъуэхэр) Плъыр-дадэ зыкIэлъыплъ Мазэмрэ Дыгъэмрэщ. Иджыри мыхьэнэшхуэ тхыгъэм щиIэщ Плъыр-дадэ и мэлыхъуэ башым. «Джэлэс» псалъэр космосым щиIыгъ увыпIэ, щиIэ щытыкIэ мыхьэнэр иIэу къыщокIуэ тхыгъэм.

КъыхэгъэщыпхъэщШыкъумцIий цIыхухэм Iумпэм щащIым псалъэгъу къыхуэхъур къуалэбзухэр, мазэр, дыгъэр, вагъуэхэр арауэ зэрыщытыр.

Пьесэм адыгэ IуэрыIуатэр, псысэхэр лъабжьэ хуэхъуащи, и ухуэкIэм укIэлъыплъмэ, псэущхьэхэм епха теплъэгъуэхэм увыпIэ ин щаубыд.

Нелли и тхыгъэм ущиинытъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар ешэлIащ лIыгъэ пхэлъын зэрыхуеймрэ персонаж гурымыхьхэм ещхьу ущытыныр зэрыемыкIумрэ. Сюжетым зи гугъу ищIхэм нэмыщI текстым куэду хэтщ узыущий лъэпкъ гупсысэхэр къызэригъэлъагъуэ псалъэжьхэр, жыIэгъуэхэр: «ЛIым я нэхъ мыгъуэми Iуэхугъуибгъу игу илъщ», «…Сыт уи ныбжь, жаIэу, нэхъыжьым зэремыупщIри къызгуроIуэ…»; «ЗызыщIэж щыIатэмэ, зызылIэжи щыIэнт» [Лукожева 2021: 113;115].

Пьесэм къыхощ ШыкъумцIий, НэжьгъущIыдзэ, алмэстыхэр, испы нэгъуэщIхэри [Адыгские сказки, 2018]. ШыкъумцIий – положительнэ персонажщ, адрей адыгэ IуэрыIуатэм къыщыхэщ положительнэ персонажхэм елъытауэ ШыкъумцIий бзаджэгъэ хэлъщ.

Пьесэм щыдолъагъу, я ныбжькIэ зэтемыхуэми, ижь-ижьыж лъэхъэнэ лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ миф персонажхэр. АбыхэмкIэ авторым къегъэлъагъуэ нобэ дызыхэпсэукI гъащIэм и нэщэнэхэри ди дуней зэхэтыкIэри.

Нелли а персонажхэр нобэ ди нэгу щIэкI гъащIэм къришэлIащ, псэщIэ яритащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Феплъыт зэрытелъыджэм: Дахэжан жеIэ: «Абыхэм я гъусэу сурэт зытрезгъэхащэрэт» е НэжьгъущIыдзэ и псалъэхэр «космосым долъатэ» [Лукожева 2021: 117;138].

ЩIыпIэр драмэ гъэпсыкIэм ит тхыгъэм и зы Iэнэ лъакъуэщ. Аращ цIыхухэм нэмыщIкIэ миф персонажхэри зэзышалIэ шхэпсу пьесэ-псысэм къыщыкIуэри. Абы къыхэкIыу къэхъукъащIэхэр щокIуэкI зэм (псэлъахэм) зэм щIылъэм (гъащIэр щызэблэкI философие категориеу къэлъытапхъэщ), зэми щIы щIагъми (ахърэтым).

Пьесэми, тхыгъэ куэдым ещхьуи, псысэхэм хуэдэу, фIымрэ Iеймрэ, нэхугъэмрэ кIыфIыгъэмрэ щызэпэщIэтщ. ЛIыгъэ зыхэлъымрэ шынэкъэрабгъэмрэ щызэхокI. Ахэр епхащ нэхъыбэу гупитIу щызэпэщIэт гурыхь персонажхэу/лIыхъужьхэу: ШыкъумцIий, Плъыр-дадэ сымэрэ персонаж гурымыхь НэжьгъущIыдзэ, Уэзрэдж-ябгэ сымэрэ. ФIымрэ емрэ яку дэт персонажхэщ Домбей, Щхьэжь, Алмэстыпашэ, Алмэсты хъыджэбз, Испы, БжьэпIытI (Алмэсты хъыджэбзым и щауэ) Джэду, ТIы, Алмэстыхэр, хьэщхьэвылъэхэр, бзаджэнаджэ-нэджэIуджэхэр. Зэрытлъагъущи, пьесэр зытха авторым Дахэжани хьэл мыхъумыщIэ хэлъхэм дригъэгупсысын щхьэкIэ мы гупым къыхишащ.

Пьесэм къыщыкIуэ щхьэ – цIэхэмкIэ персонажхэр хэт сыт ищIысми куэд къыбжаIэ. Нобэрей театреплъхэм къазэрыщыхъунум тегузэвыхьу Лыкъуэжь Нелли пьесэр къыщигъэщIым диалог зэшыгъуэхэм, хьэлъэхэм зыдримыгъэхьэхыщэу усэхэр, уэрэдхэр хигъэуващ. А жанрхэмкIэ Нелли зэры усакIуэ-уэрэдус лъэрызехьэр аргуэру зэ дигу къигъэкIыжащ.

Пьесэм фразеологизм куэду къыщыгъэсэбэпащ, къимыдэкIэ метафорэ, эпитет, зэгъэпщэныгъэхэр, бзэр дахэ, шэрыуэ, щIэщыгъуэ зыщI нэгъуэщI Iэмалхэри. ГъэщIэгъуэну иджыри зы Iэмалым дыщрохьэлIэ пьесэм, ар – оксюморонкIэ узэджэ хъуну щапхъэхэр зэрыхэплъагъуэрщ: (тхьэIухуд нэ закъуэу, ди нанэ ябгэ) [Лукожева 2021: 115].

Пьесэм, фIымрэ емрэ нэмыщI нэхумрэ кIыфIымрэ щызэпэщIэтщ. Псысэхэм зэрыщыхабзэщи, нэхур кIыфIым токIуэ, нарт эпосми лIыхъужьым къарум имызакъуэу бзаджагъэ, IущыгъэкIэ текIуэныгъэр къехь. Мис мы псысэ щытыкIэм и зы нэщэнэщ синкретизм жыхуэтIэр.

ЕтIуанэ теплъэгъуэм деж гу лъумытэу къанэркъым Домбейрэ Щхьэжьрэ я зэдэуэныгъэм. Ахэр тIури щхьэзыфIэфIхэщ, я щхьэ фIыуэ ялъагъуж, Дахэжан щхьэкIэ ахэр зодауэ. Домбей къаруufIэу, теплъэ дахэ иIэу зелъытэж. Щхьэжь акъылыфIэу зелъытэж, тхылъ куэду зэреджэри къыхегъэщ. Дахэжан пщащэ дахэу щыIэм ялейщ, езыми зыфIэдахэжщ, вагъуэ къехуэхари абы дежт къыздэщыхутар. Хэту пIэрэ Дахэжан и псэр а тIум языхэзу нэхъ зытхьэ-къуфынур жыхуиIэ интригэми мыбдеж къыщыщIедзэ…

ЦIыхубэм я псалъэм зы цIыхум и гъащIэм мыхьэнэшхуэ зэрыщиIэ гупсысэр (темэр) НэжьгъущIыдзэрэ ШыкъумцIийрэ я образхэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ тхыгъэм. НэжьгъущIыдзэ и псалъэхэщ мыхэр:

«ЦIыхухэр зэхыхьэри, сэ къуажэм сыкъыдахуауэ щытащ. КъысфIамыщари укIуэдыж – «убзаджэщ, убзэгузехьэщ, упцIыупсщ, удыгъэ зыбохьэ, удыгъуэгъуакIуэщ» [Лукожева 2021: 129]. ЯпэщIыкIэ зыри къыскIэлъымыкIуэж хъуат.

ИтӀанэ, хуэм-хуэмурэ закъуэныгъэм мэлхьэпӀатӀэу си псэм зыкъыхиукӀэу щыщӀидзэм, мис мы мэзыжьым сыкъыщӀэтӀысхьащи, сыщӀэсщ, бзаджэнаджэ сыщӀэхъухьауэ».

ШыкъумцӀийри къыдахуну хунэсатэкъым иджыри, ауэ НэжьгъущӀыдзэ къыдамыху щӀыкӀэ и гъащӀэр зэрыщытам абы ейри ещхьыркъабзэт: зыми зыхагъэхьэртэкъым, къимылэжьа псалъэ гуауэхэр къырапэст, ираудыхт. Апхуэдэурэ кӀуатэмэ, НэжьгъущӀыдзэ и лъэужьым иувэнкӀэри хъунут ди лӀыхъужь нэхъыщхьэр. Ауэ абы къыхуэзащ гугъэ гуэр къыхэзылъхьа Дахэжан (сызыхэдэн хуейхэр тӀукъым, щы фохъу зэрыжиӀамкӀэ), къыщхьэщыжа, зыгъэгушхуа Плъыр - дадэ.

Аращ, НэжьгъущӀыдзэ апхуэдэ цӀыхухэм яхуэзакъым, зыдекӀуэкӀахэм, зыдэщӀыгъуахэм хуэдэ хъуауэ аращ. Фызыжь ябгэм итӀани хабзэ гуэрхэр къыхэнащ, укӀытэ хэлъщ: «А - ды - дыд мыгъуэ, си напэжьыр токӀри!» [Лукожева 2021: 139]. Ауэ пьесэм дызыщрихьэлӀэ НэжьгъущӀыдзэ къызэрыкӀуэр а и хьэлщэныфӀ тӀэкӀум текӀуэдэжущ: ШыкъумцӀии а фызы-жьым укӀытэ зэрыхэлъыр къегъэсэбэпри абыкӀэ текӀуэныгъэр къехь.

Лыкъуэжь Нелли и пьесэм цӀыхубз отрицательнэ персонажу къыщокӀуэ НэжьгъущӀыдзэ, Дахэжан, Алмэсты хъыджэбз. УвыпӀэ нэхъыщхьэ пьесэм щызыӀыгъхэм ящыщщ НэжьгъущӀыдзэ. Ар миф персонажщ, гъущӀыдзэ Ӏуту, а фызыжьыр бзаджэжьщ, Ӏеижьщ, пьесэм къызэрыщыхэщымкӀэ ар къуажэм къыдахуащ бзаджэу, дыгъуэгъуакӀуэу, пцӀыупсу, лей зэрихьэу, щхъухь - псыхь зэрихьэу къыхужаӀэри, а псор пэжу жыпӀэ хъунущ, и щыхьэти пьесэм къыщокӀуэ. Абы ШыкъумцӀий къигъэпцӀащ, Дахэжан идыгъуащ, ахэр щхъухь псыхькӀэ зэӀэза гъуджэмкӀэ игъэпщкӀуащ. Ар фызыжь нэпсейщ, вагъуэм зэрыхуеймкъыщинэмыщӀ, ар щӀалэ хъужыну хуейщ…

Игу ирилъхьа щӀэпхъаджагъэхэри къехъулӀэнкӀэ хъунут, тӀэкӀу нэхъ губзыгъэӀуэу щытамэ, арщхьэкӀэ цӀыкӀум ар къигъэпцӀэфащ, зыхуеяри ӀэщӀэкӀащ.

Алмэсты хъыджэбзым пьесэм зэ ущрихьэлӀэу аращ, ауэ итӀани, а зэм абы и Ӏущагъыр болъагъу, дауикӀ, щыалмэстыкӀэ къэгубжьыгъуафӀэуи, Ӏуплъэгъуейуи щытынущ. Абы и псэлъыхъу щӀалэм, Домбей езэуа нэужь, Алмэсты хъыджэбзыр Домбейм псэгъуу къыхуагъэфащэ… Алмэсты хъыджэбзым кӀэщӀуи зэрызигъэкӀуэдын Ӏэмалхэм я щэхухэмкӀэ Домбей къыдогуашэ. Ауэ Домбей и нэхум и лъыхъуакӀуэу здыдежьа и ныбжьэгъухэм зэрепцӀыжыр жриӀащ. А персонажыр отрицательнэхэм хэббжэ хъуну къыщӀэкӀынщ, Ӏей дэдмылъэгъуами, ар алмэстыхэм ящыщ зыуэ зэрыщытым къыхэкӀкӀэ.

Вагъуэр щӀым къыщӀехуэха хъыджэбз тхьэӀухудщ Дахэжан. Ар хъыджэбз дахэщ, тӀэкӀуи псынщӀэщ, ар мащӀэу допсэлъей, щхьэхуэфӀщ, а и щхьэхуэфӀагъым и зэранкӀэ НэжьгъущӀыдзэм идыгъун лъокӀ, иужькӀэ ар ШыкъумцӀий къырегъэл.

Лыкъуэжь Нелли итха пьесэм щызэпэщӀэтщ фӀымрэ емрэ. Ар занщӀэу нэрылъагъу тщохъу тхакӀуэм пьесэм хэт лӀыхъужьхэм я цӀэлейхэр къыщрибжэкӀкӀэ. Къэтхынщ, псалъэм папщӀэ, Щхьэжь. Сыт абы авторым Щхьэжь фӀищын хуей щӀэхъуар? Сыт ар щӀэмы-Лъакъуэжьыр, е щӀэмы-Пщэжьыр? Ари тынш дыдэу гурыӀуэгъуэ мэхъу. ЩӀэ-Щхьэжьыр – ар губзыгъэщи, и акъылым зрегъэужьри, куэд йоджэри, икӀи абы иропагэри аращ.

Апхуэдэ зы лIыхъужьщщ Домбей жыхуиIэри. Ауэ ар губзыгъэкIейуэ аракъым, атIэ гъумщ, зыIэщIэлъщ. Ари икъукIэ апхуэдэ щытыкIэ зэриIэм иропагэ.

Пьесэ-псысэм и япэ теплъэгъуэ дыдэхэм къыпщыхъункIэ хъунущ щIалэхэр зэтеплъэ мыхъуу, ахэр лIыхъужь Iейуэ къыхэщу. Ауэ пьесэм и кум унэмысуи гурыIуэгъуэ мэхъу а тIум я гум фIы зэрилъыр. Зэпеуэ пэтми, Iуэху тхьэбзэ ящIэну зыхущIэкъур зы нэхур цIыхубэм къахуэзэужынырщ.

Плъыр – дадэ и образри фIыхэм ящыщщ. Абыи и цIэм куэд къыджеIэ, къыдгурегъаIуэ. Ар бзэджагъэр дунейм къытримыгъэхьэн папщIэ дунеягъэм кIэлъоплъ, нэхумрэ жэщымрэ зыхимыгъэгъуащэу зэблегъэкI. Персонаж нэхъыщхьэхэм языхэзщ. Ауэ, гъащIэми ещхьу, ар къефыгъуэ бзаджащIэхэм тыншу ягъэпсэуркъым, къару шынагъуэхэм цIыхубэм я насыпым и символу щыт нэхугъэр фIадыгъу и мэлыхъуэ башри дэкIуэу…

АтIэ къедбжэкIа псор фIым и телъхьэмэ, Iейуэ хэтыр сыт хуэдэ лIыхъужь, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ, жыфIэнщ. ДауикI, ари Лыкъуэжь Нелли ди пащхьэ кърилъхьэфащ пьесэм и пэщIэдзэ дыдэм. Къару шынагъуэм и лIыкIуэхэу гущыкI зыхуэпщI (отрицательнэ) персонажхэу пьесэм къыщокIуэ НэжьгъущIыдзэ, Уэзрэдж - Ябгэ, алмэстыхэр.

ФIыр сыт щыгъуи пэжщ, нэхъ къарууфIэщ, фIыр сытым дежи ем токIуэ. Ем и къару пэлъытэу пьесэм къыщыхьащ пцIыр. Къару шынагъуэхэм я лIыкIуэхэр зэпымууэ хущIокъу пцIы зэрахъэну, псори пцIым хуашэну, пцIымрэ леймрэ дунейм къытранэу фIыуэ щыIэр ягъэкIуэдын мурад зэрахуэ.

Лыкъуэжь Нелли и «МыщIэвагъуэ» тхыгъэр хуабагъэ къозыт IэдакъэщIэкI хъуащ. Пьесэм укъыщеджэкIэ, а хуабагъэ нэрымылъагъуу зэхэпщIэм ижь гуакIуэ къыпщIеху, IуэрыIуатэ лъахэм ухешэ, уи лъэр егъэжанри къафэм укъыхуегъэуш. Апхуэдэ щытыкIэ тхыгъэм ириткIэрэ, авторым адыгэхэм яхэлъа хьэл – щэн дахэхэр къыдегъащIэ: къэрабгъэр я Iумпэму, залымым худачыхыу, гу Iущ яIэу, я псалъэ быдэу зэрыщытам ехьэлIа гушхуэныгъэ къыпхелъхьэ.

Мы тхыгъэм къыхощ Уэзрэдж-ябгъэр – ар ем и телъхьэхэм я пашэщ. Абы игу илъыр лей зэрызихьэнщ. Ар ШыкъумцIий пэщIоувэри текIуэныгъэр къыфIехь… Тхыгъэм щызэфIэгъэува персонажхэм уакIэлъыплъмэ, авторскэ импатиерэ симпатиерэ хыболъагъуэ. А приемымкIэ – «авторская позиция рассказчика» жыхуиIэм - и фIыгъэкIэ нэрылъагъу къохъур хэт Iейми, хэт фIыми. Пьесэ-псысэм псэущхьэхэм къалэн пыухыкIахэр щагъэзащIэ щIым.

Дэтхэнэ зы персонажми я гугъу дымыщIми, ц1ыху ц1ык1у гъащ1эм щылей ц1ыху темэр къригъэлъэгъуэну тхакIуэм къищтащ ШыкъумцIий. Ар абы зэрыхибжэм щыхьэт тохъуэ езы ШыкъумцIий и псалъэхэу пьесэм къыщыкIуэмкIэ: «Сэ аргуэру зыми сыхабжэркъым, Ди Тхьэ, щхьэ апхуэдэу сыкъэбгъэщIа? ЦIыху цIыкIу щыIэкъым, мурад цIыкIущ щыIэр. …» [Лукожева 2021: 116]. Мы зы Iыхьэм узыхуигъасэр, уи акъылыр зыхуишэр сыт хуэдиз гупсысэ! Дэтхэнэ зы цIыхуми дежкIэ, сабийми балигъми, мы пьесэр щхьэпэщ. Псысэу зэхэлъми, пэж къызыхомыхыфын, гъащIэм хуумыгъэдэфын, дуней узыхэтым хуомышэфын зыри хэткъым. «Инщ жыпIэу ущымышынэ, цIыкIущ жыпIэу утемыгушхуэ» [Лукожева 2021: 113], - жыхуиIэ псалъэжьыр мыбдеж хуэкIуэу къызолъытэ. ИкIи арщ и кIэух хъуари пьесэм. ШыкъумцIий цIыкIущ

жаIэу тегушхуа псори къыхи-гъэщIащ, дунейр зыщышынэу, зэIызыщIэу псэуа НэжьгъущIыдзэ и псэупIэм къикIын шынэу, укIытэу къигъэнащ.

Плъыр-дадэ къыжиIэ «Мывэ хъурей уи япэкIэ бгъажэмэ, ухуозэж», «Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ», «Зэхьэзэхуэр мэунэри, зэижитIыр мэунэхъу» [Лукожева 2021: 117], псалъэжьхэмкIэ драматург Лыкъуэжь Нелли лъэпкъ гупсысэм и къарур къегъэлъагъуэ.

Пьесэ цIыкIум къэхъукъащIэм увыпIэшхуэ щаубыд. Пьесэм щекIуэкI къэхъукъащIэ псоми щыпхырыша образ курыхщ ШыкъумцIий. Ар IэмащIэ-лъэмащIэщ, сытым дежи и закъуэщ, теплъэ щIагъуэ иIэкъым, цIыкIунитIэщ, цIыхухэм къызрапэскъым. Ахэр псори зэдэщIыгъуу башыр къалъыхъуэну йожьэ икIи ШыкъумцIий псалъэ быдэ дадэм ирет ар къихьыжыну. Ахэр алмэсты куэдым ирихьэлIахэщ, куэдми къелахэщ. Ауэ абыхэм Дахэжан яхэтыжкъым - ар НэжьгъущIыдзэм идыгъуащ. Башым и закъуэкъым ахэр иджы зылъыхъуэн хуейр, атIэ Дахэжан пщащэри къалъыхъуэжын хуейт. Нэхъ къарууфIэу, акъылыфIэу зызылъытахэр нэхъ шынэкъэрабгъэу къыщIокIыж, абыхэм я щхьэр япэ ирагъэщ, ахэр башми, Дахэжани хуеижкъым, ШыкъумцIиикI сыт къыщыщIми арэзыхэщ. А щIалитIыр зыхуей-зыхущIэкъухэр псэууэ, зыми я гугъу къамыщIу кIуэжынырт. Псом нэхърэ нэхъ Iущу, нэхъ губзыгъэу, нэхъ акъылыфIэу, куэдым гу лъызытэу къыщIэкIар ШыкъумцIийщ. Абы куэд дыдэ и фэ дэкIащ, куэд ишэчащ. Дауэ мыхъуами, ар ита и псалъэм епцIыжакъым. Абы хулъэкIащ НэжьгъущIыдзэм и деж щигъэпщкIуа щIалитIымрэ Дахэжанрэ кърıгъэлыну, башри къиштэжыну. ЩIалитIми зэрамыгугъауэ къыщIэкIащ ШыкъумцIий. Ар зэрыIэмащIэ-лъэмащIэм емылъытауэ бзаджэу икIи Iущыцэу къыщIэкIат. Аращ Плъыр- дадэ и псалъэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэза хъуари.

Мы пьесэм бэрэ къыщыгъэсэбэпащ тропхэр. Художественно - изобразительнэ Iэмалхэм ящыщ къэгъэпсэуныгъэм и щапхъэ дэ щыдолъагъу Джэдумрэ ТIымрэ я диалогхэм деж; художественнэ зэгъэпщэныгъэхэр: къуалэбзу цIыкIу; макъ жьгъру; гуп цIыкIу. Ремаркэхэр щыкуэдщ къыщыгъэсэбэпащ. Лыкъуэжь Нелли къигъэсэбэпащ «говорящие имена» жыхуиIэ Iэмалыр. Псалъэм папщIэ, Дахэжан и цIэм къыбжеIэ, ар дахэу, зэкIужу зэрыщытыр. Домбей - зэрызэIэщIэлъыр, къаруфIэу зэрыщытыр; Щхьэжь – зэрыакъылыфIэр, нэгъуэщIхэри. Лыкъуэжь Нелли персонажхэм яфIища цIэлейхэм я фIыгъэкIэ дэ къыдощIэ абыхэм я дуней тетыкIэр, я хьэл-щэныр.

ЩIыпIэм пьесэм увыпIэшхуэ щеубыд. ЩIыпIэ куэд къыхощ пьесэм – уэгу, Дахэжан и унэр, Алмэстыхэм я пщыIэ – унэхэр, бгъуэнщIагъ, жыгыжьым деж, НэжьгъущIыдзэм и унэр, мэзыр. А щIыпIэ дэтхэнэмкIи географие действий (щIыпIэмрэ зэманымрэ къытримыгъэзэжу, зэмыщхьу) жыхуиIэр IупщIу ди нэгу къыщIигъэувэну хулъэкIащ Нелли.

Дахэжан и образыр пьесэм и персонаж нэхъыщхьэхэм ящыщщ, щIалэхэм (ШыкъумцIий, Домбей, Щхьэжь сымэ) я ныбжьэгъущ. Ар хъыджэбз дахэм и собирательнэ образщ. Дунейм езым нэхъ дахэ темыту зыкъыфIощIыж хъыджэбзым: «Ахьей, сыдахэ!.. Дахэу щыIэм сралейуэщ зыкъызэрысщыхъуэжыр! Псом хуэмыдэжу иджы зысфIэдахэжщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, вагъуэ нэгъунэ уафэм къехуэхащ, сэ сщIыгъун папщIэ» [Лукожева 2021: 111]. Ар Плъыр-дадэ и мыщIэвагъуэу арат.

Плъыр-дадэ и башыр фIадыгъуа нэужь, дыгъэр афIэкI къызэрыкъуэмыкIынур, цIыхухэри къызэрымыушынур къыщищIам, абы жиIэрт езым нэхърэ нэхъ дахэ дунейм темытыну. Ауэ езы хъыджэбзым и щхьэ апхуэдизу фIыуэ зэрилъагъум щхьэкIэ, мыгъэсауэ аракъым. Аращ Плъыр-дадэ япэу зылъэгъуар икIи хабзэм тету зигъэпсэхуну, псы иригъэфэну къезыджар.

Езы Дахэжан мы пьесэм статичнэ персонажу фэ къыщытеуащ. Езым лэжьыгъэ куэд имыгъэзащIэми, ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ щIалищыр Плъыр – дадэ и мэлыхъуэ башыр къахьыжыну зэрежьам.

Пьесэм НэжьгъущIыдзэм и унэм щIэт гъуджэм нанэжь къэгубжьам къуаргъ лъэбжьанэм ещхь и IэпхъуамбэхэмкIэ хъыджэбзым и щхьэцыр кърешэкIри: «Зэи зыми урамылъагъуж - тIэ» [Лукожева 2021: 126], – жеIэри, хъыджэбзыр ауэ щыт гъуджэм хеери нэрымылъагъу ещI. Ауэ ШыкъумцIий гъуджэр зыхэлъа рамэм бгъэдохьэри, абы зырызурэ кърешыж и ныбжьэгъухэри, Дахэжани, Плъыр - дади, и башыр зэриIыгъыу. Ахэр, НэжьгъущIыдзэ имылъагъуу, шындэбзий щхьэгъубжэмкIэ къыщIегъэкIуэсыкIыж. ШыкъумцIий псори шыхэм трегъэтIысхьэ, егъэшэсхэри щIегъэпхъуэж.

Лыкъуэжь Нелли и пьесэ "МыщIэвагъуэм" IуэрыIуатэмрэ абы къыхэ-щыж лIыхъужьхэмрэ увыпIэ нэхъыщхьэ щаубыд. Пьесэр бзэ дахэкIэ, бзэ къулейкIэ тхащ. IуэрыIуатэ жанрым и къарур дигу къегъэкIыж, абы щызекIуэ сюжетхэм езым и творческэ авторскэ гупсысэ щIэлъу зэрегъэпэщыж, дэтхэнэ персонажми езым и шыфэлIыфэ иIэжу къокIуэ, и лIыхъужьхэр нэхъ нэIуасэ дахуэхъун пащIэ къыдегъэцIыху абы, жанр зэхуэмыдэхэм я поэтикэмрэ бзэмрэ и Iэмалхэмрэ къэгъэсэбэпкIэрэ.

Испыхэр дэ зэрытцIыхур нарт эпосым хэт цIыху цIыкIужьей лъэпкъ гуэрущ. Испыхэр егъэлеяуэ къарууфIэщ, губзыгъэщ, акъылышхуэ ябгъэдэлъщ, лIыгъэшхуэ яхэлъщ, пагэхэщ. Щхьэхуитыныгъэр я нэрыгъыу, къызыфIэщIыж хьэл яхэмылъу эпосым къыхощыж. Испыхэр шы папщIэу зытесыр тхьэкIумэкIыхьщ, иныжьхэр лIыщIэу ягъэлажьэ. Я тхьэмадэ жьакIэхур я пашэу ахэр къуршым щопсэу, я быдапIэхэмрэ испы унэ цIыкIухэмрэ исум. Мифым и зы вариантым зэрыжиIэмкIэ, испыхэр лъэпкъкIэ НэжьгъущIыдзэм къытекIащ. Пьесэм къыхощыж ахэр зэрызэпхар. Испы персонажым НэжьгъущIыдзэ нанэжьыр Тхьэм хуегъадэ, абы зыхуегъазэ, и лъэIухэр аращ зэхьэлIар.

Испыхэм я псэукIэр нартхэм я псэукIэм ещхьщ. Абыхэм хуэдэу мэщакIуэ, щIыгур ялэжь, Iэщ ягъэхъу; язынықъуэ нартхэм хуэдэуи испыхэр тхьэпэувщ (тхьэпэщIэтщ).

ШыкъумцIий цIыкIум и образри занщIэу уи нэгум къыщIоувэ. Абы и образыр адыгэ таурыхъхэм къыхэщыж образ нэхъыщхьэщ. А цIыкIум и къекIуэкIыкIар сабийхэм ящIэ, и хахуагъым, и губзыгъагъэм щыгъуазэщ, абы зыпащIыж. НэжьгъущIыдзи и цIэр къыхэбгъэщыну щхьэпэщ. Ар фызыжьщ, теплъэкIэ шынагъуэщ, гъущIыдзэхэр Iутщ, сабийхэр едыгъури ешх. ЦIыкIухэр щызэраным деж, къыщызэрыкIым деж НэжьгъущIыдзэ теухуа хъыбархэмкIэ ягъэшынэ, абы и теплъэм, и зекIуэкIэм, и псалъэкIэм зыпащIыж, зыгуэр имыщIэмэ, идыгъуу и унэм ихьыну жеIэ нэхъыжьым.

ЗэрыжытIащи, Лыкъуэжь Нелли и пьесэм Испы цIыкIужьейр къахуозэ ШыкъумцIий, Домбей, Щхьэжь сымэ, дуней нэху къагъуэтыжыну мэзым

щыкIуам щыгъуэ. Ахэр щыпсэур испы унэт, е къуакIэбгыкIэм унэ щащIырт. Ари къыхощ мы тхыгъэм.

Мыпхуэдэу закъыхуегъазэ Испым щIалэгъуалэм: «КIыхьлIыхь дымыхъун щхьэкIэ занщIэу вжызоIэ: си къуажэхьхэр къыфхуэщIэмэ, щIыпIэ нэхъ дахэу щыIэм яз фызот. КъыфхуэмыщIэрэ – зы лъэбакъуэ фэзгъэчкъым, икIыжыпIэри фэзгъэлъагъукъым. Хъым фижыхьауэ фисынщ. ДызэгурыIуа?» [Лукожева 2021: 120]. АбыкIэ пьесэм щыгъэбыда мэхъу испыхэр бланэу, зыми щымышынэу, я НэщIгъущIыдзэ хуэпэжу зэрыщыт гупсысэр.

Алмэстыхэр нарт эпосым и лIыхъужьхэм ящыщ зыщ. Ахэр щопсэу къуакIэбгыкIэхэм. ЩызекIуэр, къыщежьэр нэхъыбэу пшапэр зэхэуа нэужьщ. Ахэр эпосым къызэрыхэщыжымкIэ цыбэщ, уафэгъуагъуэм, уэшхым щошынэхэр. Ахэр цIыхухэми яхуэлIыщIэу щытащ, я зы щхьэц налъэ унагъуэм илъмэ, ауэ ар къагъуэтыжа иужь кIуэжыкIей яIэу, гуауэ унагъуэм къыхуагъанэу кIуэжу щытауэ жаIэж.

Пьесэм къыхэщыж Алмэсты цIыхубзым фIыуэ илъагъу иIэщ. Домбей алмэсты пелуаным Iэпщэрыбанэр къыщыфIихьам алмэстыхэм нэхъ дахэу яIэ цIыхубзыр абы псэгъуу къритыну мурад ящI, ауэ Алмэсты цIыхубзми къажреIэ щIалэхэр псынщIэу мы щIыпIэр къабгынэу щIэпхъуэжыну. «Е ахьмакъ, дахэ уищыпэлъагъу? Е лэгъунэ щауэ мыфэмыц, сыт зо си БжьэпIытIу щIалэ къуданым сыкъыщIыIэщIэпхар? Зытеубгъуэ мо си мыщафэри, зегъэхь шындэбзиймкIэ. Си щIалэм уи ныбжьэгъухэр щIыунэм къригъэкIыжауэ къыппоплъэхэр. Нэху мыщ щIыкIэ уэ укIуэсэжыфмэ, сэ лIы сратыжынущ. Аращ ди хабзэр. Фэ фыкъэзыубыдаращ сэ лIыуэ сызратынури, ди Iуэху зэблэвмыгъэууэ, псынщIэIуэу фыбгынэ ди щIыпIэр» [Лукожева 2021: 119]. Мыбдежым алмэсты цIыхубзыр щIалэщIэхэм ядэIэпыкъуа щхьэкIэ, ар щIищIар абы сэбэп яхуэхъун папщIэкъым, атIэ дэтхэнэ бзаджэнаджэми хуэдэу и щхьэ фIэкI нэгъуэщI емыгупсыс мурад иIэти, езым и Iуэху къызэрикI и лъэныкъуэкIэ ищIа Iуэхуу аращ. Алмэсты хъыджэбзыр зи хьэл щэнхэкIэ миф персонажу къыщызэтенэжащ зи гугъу тщIы мы пьесэми.

ШыкъумцIий и образу пьесэм къыщыкIуэм цIыкIухэр гулъытэ, гууз-лыуз яIэу, набдзэгубдзаплъэу, Iущу, Iэмалшыуэ, акъылыфIэу щытыным хуегъэуш. И теплъэкIэ цIыкIу щхьэкIэ, IэмащIэ - лъэмащIэми, и акъылым, и гупсысэм кууэ зиужьащ. И псэлъэкIэри, и дуней еплъыкIэри гъэщIэгъуэнщ, абы и щхьэр зыхуэкIуа Iэмалхэр куэдым яхузэфIэкIынукъым, цIыху Iущщ, жиIэнури, ищIэнури ищIэу, и псалъэр къыщигъэсэбэпыфынури ищIэжу. ЦIыхум зэрыдэIэпыкIуным фIым зэрыхуишэным щIокъу, и щхьэ ирилъыту, гущIэгъу зыхэлъ цIыхуу къегъэлъагъуэ авторым мы образыр. Гупсысэ куэд къыхэпхыфынущ мы псысэ цIыкIум иджырей зэманым кьыпхуэщхьэпэну. Япэрауэ, цIыхум и теплъэракъым узэплъын хуейр, атIэ и Iуэхухэрщ, и акъылырщ, дуней тетыкIэрщ. Ар тхыгъэм и кIуэцIкIэ зыIууа куэдым игъэIуща персонажщ, ШыкъумцIий, зы еплъыкIэкIэ мыхъуу, лъэныкъуэ куэдкIэ Iуэхум йогупсыс икIи ар зэрыдэкIынум хуэдэу егъэзэф.

НэжьгъущIыдзэ бзаджэнаджэхэм ящыщ зыщ, мыщIэвагъуэр къидыгъуат, зэпымыууэ Iей фIэкI зыри дэплъагъуркъым, пьесэм и кIэм нэс укъеджэху. ЦIыхухэм зэран уахуэхъуу, е фIэкI уигу зыри имылъу, фIы ухуэзэжын?

Домбей щIалэ мыжь-мытIу пьесэм къыхощ. Абы къощохъу езым нэхъ къару щымыIэу, нэхъ теплъэ дахэ иIэу кьыщохъуж, псоми ар къарукIэ ятекIуэну и гугъэщ. Домбейрэ Щхьэжьрэ сытым щыгъуи зэпоуэхэр, хэт нэхъыфIми зэхагъэкIыну, ШыкъумцIий зыуи кърадзэкъым, «уэ теплъэ уиIэкъым, уцIыкIущ» [Лукожева 2021: 109], жраIэурэ щодыхьэшххэ. Ахэр Дахэжан къызэрыдахьэхынум щхьэкIэ зэпеуэу здэщытым къалъагъу Плъыр - дадэ. ЛIыжь къабгъэдыхьам и щхьэ къpикIуа мыгъуагъэр ныбжьыщIэхэм яреIуэтылIэ. Абы иужькIэ Домбей, Щхьэжь, ШыкъумцIий, Дахэжан сымэ унафэ ящI башыр къахьыжынуи йожьэхэр. Домбей? къарууфIэу зыкъыщохъужри сытым дежи псоми текIуэну, къарукIэ псори къиихьыфыну мэгугъэ. Ауэ, я гъуэгум фIыуэ хэщIауэ здэкIуэм, Домбейрэ Щхьэжьрэ шынэн щIадзэ. Домбей блэм Iейуэ щышынэт. Домбей къарукIэ куэд хузэфIэкIыну жиIэ щхьэкIэ, пьесэм фIыуэ уеджэмэ, щыболъагъу зэрышынэр. Ауэ сытми щыIэкъым адыгэ псалъэжь, «цIыкIущ жыпIэу утемыгушхуэ, инщ жыпIэу ущымышынэ», жиIэу.

Плъыр-дадэ пьесэм и персонаж нэхъышхьэщ. Ар мазэм щыпсэурт щынитI игъэхъуу (Адыгэм игъащIэ лъандэрэ жаIэ «Мазэм итщ мэлыхъуэ, мэлыхъуэ баш иIыгъыу, мэлыхъуэ пыIэ щхьэрыгъыу, щIакIуэ теубгъуауэ.). Щынэ хужьыр махуэм (символ света) мэхъуакIуэ, жэщым - фIыцIэр (символ темных сил). Ауэ зы махуэ гуэрым и бийхэм и башыр къытрахри фIрахьэжьащ. А и башыр имыIэмэ, щынэ хужьыр игъэхъуфынукъым. Плъыр-дадэ цIыхухэм ядэIэпыкъурт - жэщымрэ махуэмрэ зэблихъурт. А башыр зыIэрызыгъэхьа БзэджащIэхэр нэхъ лъэщ хъуащ, цIыхухэр ягъэкIуэдыну яужь итщ… Абы къыхэкIыуи мэлыхъуэ башыр цIыхухэр дыкъэзыгъэщIа тхьэшхуэу лъапIэу лъагэм зэхэщIыкI зиIэ цIыхухэм къарита хуитыныгъэмрэ гъащIэмрэ я кIыхьагъымрэ кIэщIагъымрэ я пщалъэу (символу) солъытэ.

Плъыр-дадэ куэд и къарукIэ илэжьыну хузэфIэмыкIыжми, хэмытами болъагъу гъащIэм и пIалъэм кууэ зэрыхищIыкIыр, куэд зэрилъэгъуар. Плъыр-дадэ еплътэкъым цIыхур лъэщрэ Iущрэ, абы къыгурыIуэрт зэман гуэрым цIыху нэхъ къаруншэ дыдэр нэхъ лъэщ дыдэу, нэхъ Iущ дыдэу къызэрыщIэкIыфынур. КъыщIэкIащ апхуэдэ цIыхуу ШыкъумцIий.

Пьесэм и кIыхьагъкIэ зэгъусэу, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми зэдэщIыгъуу щызекIуэр Щхьэжьрэ Домбейрэщ. А тIур сытым дежи зодауэ, зоныкъуэкъу, я зэхуаку псалъэмакъ гуэр дэлъщ. Щхьэжь хуабжьу фIэфIщ и щхьэ щытхъужыну ("Сэ сынэхъ тIасхъэ цIыкIу уимыгугъэ... Сэ тхылъу сызэджар пщIащэрэт..." [Лукожева 2021: 110]. А хьэлыр а тIум зэщхьу яхэлъу жыпIэ хъунущ. Апхуэдиз зэдауэр къэзышэр тIуми фIыуэ ялъагъу хъыджэбз тхьэIухуд Дахэжант, хэт абы пылъынуми яхузэхэмыгъэкIыу арат.

Домбей а пщащэр къафэкIэ къыдихьэхын, Щхьэжь и акъылыфIагъкIэ лъагъуныгъэ усэ къыхуоджэри Дахэжан егъэгуфIэ. Плъыр-дадэ нэхъыжьым и пащхьэ щиувами, а тIум укIытэ яхэмылъу, хабзэм темыту я щхьэ щытхъужт ("Сэр нэхъ акъылыфIи дунейм темыт!", "Сэр нэхъ къарууфIэ мы дунейм темыт!" [Лукожева 2021: 114], - зэдауэт, зэфIэнэхэт. Iуэхур зытетыр псори зэхаха, къагурыIуа нэужь, а тIум зыжьэу дадэ Iумахуэр къагъэгугъэ и мэлыхъуэ башыр къыхуахьыжыну.

Абдежми, Щхьэжь псом хуэмыдэу, нэхъ текъузауэ жеIэ ар зыхузэфIэкIынур езыр арауэ, сыту жыпIэмэ, абы "нэхъ Iущ" яхэмыту, и псалъэ игъэпэжыну къегъэгугъэхэ. Щхьэжь фIэфIт мыарэзыныгъэр, и губжьыр псалъэжькIэ къигъэлъэгъуэн. Апхуэдэу ШыкъумцIийм мэлыхъуэ башыр къихьыжыну, а Iуэхум зрипщытыну щыжиIам, Щхьэжь абы щыдыхьэшхащ, мыпхуэдэ псалъэ жагъуи иридзащ: «Уи щхьэм укIэлъыплъыжыфарэт уэ. ЗызыщIэж щыIатэмэ, зызылIэжи щыIэнт» [Лукожева 2021: 115].

Гъуэгу техьэн ипэ, Щхьэжь и гъусэхэм захуигъэзащ ущие псалъэкIэ: «Iэбэлагъым Iэпхъуамбэхэр щызэкъуэтмэ - къарущ; бийм дежкIэ IэштIымщ, фIы зигу имылъым щхьэкIэ шыкIуртIымщ; зылI и быну дызэкъуэвгъэт», [Лукожева 2021: 117].

Щхьэжь къуажэхькIи Iэзэщ, ахэр фIыуэ къещIэ. Ауэ а зэныбжьэгъуитIым хьэл мыгъуэу яхэлъар я псалъэ зэрепцIыжарщ, жаIам зэрытемытыжарщ. Дахэжан и щхьэ кърикIуам иужь, а тIур къэгузэвэжащ зыщIэгупсысыжащ, зыгуэр къащымыщI щIыкIэ ягъэзэжмэ нэхъыфIу, ирахьэжьа Iуэхур ШыкъумцIий къыхуагъэнэжмэ я щхьэ нэхъ хъума хъуну.

Щхьэжь и образым къалэнышхуэ щегъэзащIэ пьесэм. Абы и IуэхущIафэхэмкIэ, и гупсысэхэмкIэ дэ дыхуеущий, дыкъыхуреджэ къыдбгъэдэтхэм, къыддэпсэухэм зэран дахуэмыхъуну, псалъэ ттар дгъэпэжыфу, щхьэщытхъугъэр къэдгъанэу, IуэхуфI нэхъыбэ длэжьыныр псом зэрынэхъапэм дегупсысу дызэрыпсэун хуеймкIэ. ЗэрыжытIащи, пьесэм хэт псоми езым я хьэл, увыпIэ яIэжщ.

Алмэсты пашэм и образым дызэрыхуэзэр ШыкъумцIий, Щхьэжь, Дахэжан, Домбей жиIэу гъуэгъу здытетым къапэув къарум и лIыкIуэущ. Зэныбжьэгъухэм гу лъатат абы я щытыкIэм: «УэI, сыту нэджэIуджэ мыхэр», - жиIат ШыкъумцIий. [Лукожева 2021: 117]. Иныжьхэщ, лъагъугъуейхэщ, я теплъэ закъуэм уегъэшынэ. Номинхэм хуэдэу фэкIэ ещхьщ, цыбэщ, я инагъкIэ абрагъуэщ, лъэбакъуэ ячыхукIэ макъ ин къэIуу, щызекIуэкIэ цIыхум я къэкIухьыкIэу щыт гуэрхэщ.

Нэхум и лъыхъуакIуэ ежьа зэныбжьэгъухэр алмэстыхэм къаубыдащи, ахэр яшхыну хуейуэ мэлъаIуэ алмэстыхэр. Ауэ ар Алмэсты пашэм къахуидэркъым. Пашэр зэщIэгуэукIри куэдыр зыщIигъэбырсеящ, щым хъуахэщ. Мыбдеж гурыIуэгъуэ тхуэхъунущ псоми абы пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр, жиIам пеуэну зэрыпэрымыуэр. Щым хъуахэ нэужь псалъэу зэрызахуигъэзамкIэ иджыри зы къыдощIэ: ахэр номинхэм хуэдэми, цIыху пэлъытэщ, езыхэми цIыхуу зыкъалъытэж. Япэм щыгъуэ зэрышхэу щытахэр цIыхулмэ, иджы абыхэм зэрадэпсэум къыхэкIкIэ, цIыхухэр пшхымэ, езыхэм ящыщ зы яшхыжауэ къабжыр.

Алмэстыхэр хэтт гъэр къащIа щIалэхэр НэжьгъущIыдзэ ирату, абыхэм ящIыгъу Дахэжан хъыджэбзыр езыхэм къызыхуагъэнэну. Абыхэм ябзыщIыркъым гъэунэхупIэ ихуа щIалэхэр, алмэстыхэм къагъэлъэгъуа зэпеуэ гъэунэхуныгъэм щытекIуэми, фIы защIэкIэ хуит къащIыжу гъуэгу зэрытрамыгъэхьэжынур. Уеблэмэ ахэр хьэзырщ цIыхубэ насыпыр къэзыхьыжыну ежьа щIалэхэм ящыщу текIуэм езыхэм ящыщ зы алмэсты хъыджэбз псэгъу пэлъытэу къратыну…

Пьесэм къыщыкIуэ собирательнэ образщ Алмэсты пашэр. Ар дэ нэхъ гъунэгъу къыщытхуэхъур Нэхур къэзыхьыжыну ежьа щIалэщIэхэр алмэстыхэм бгыхэм гъуэгу щыпхрашам (Алмэсты пашэм и хэщIапIэм ухуэзышэ) техьауэ щыкIуэм щыгъуэщ. ЗэрыжаIэмкIэ, алмэстыхэм я щIыпIэ псэупIэр бгы щIыIэ здэщыIэращ.

Уэзрэдж-ябгэ пьесэм къыхощыж НэжьгъущIыдзэ и пщылIхэм ящыщ зыуэ. А зымкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу абы игъэзащIэ къалэнхэр зэрыIейри. ГурыIуэгъуэщ авторым зыхуигъэувыжа къалэнри – ар хуейщ къигъэлъагъуэу хъуамкIэ цIыху дунейм тетхэм я щытыкIэр, псэукIэр зырызэмыщхьыр дигъэлъагъукIэрэ фIым дызэрыхущIэкъун хуейм дыхуиущиину.

Уэзрэдж-ябгэ цIыкIужьей щхьэкIэ къаруушхуэ хэлъщ, пхуэмыIуэтэн щытыкIэ гуэрхэри дыболъагъу, абы къыхэкIыуи гъэщIэгъуэн къытщохъу. Абы игъэзащIэ къалэн шынагъуэхэм ящыщщ благъуэ нэщIам ещхьу зыми я жьэ хуахьын къимыгъанэу и закъуэ псори зэтришхыхьыну гугъапIэ зэриIэр. ЕтIуанэращи, аращ нэхъыбэуи пьесэр зытха авторми дызыкIэлъигъэплъыну и гуращэри, гъэпцIагъэ защIэкIэ къалэн, лэжьыгъэ къыпэщылъхэр зригъэхъулIэнущ.

Уэзрэдж ябгэ адрей персонажхэм зэрахущытри гъэщIэгъуэнщ. Абы ахэр гъэпцIагъэкIэ гъунэгъу зыхуещI, къыдехьэх. ПщIэ яхуищI хуэдэурэ зещIыр, адрейхэми ар я фIэщ ящIри дзыхь хуащI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къигъэпцIа цIыху гъуэгурыкIуэхэр къигъэIулэурэ НэжьгъущIыдзэ фызыжьым и хэщIапIэм гъунэгъуу ирешалIэ. Апхуэдэурэщ абы Дахэжан нэIуасэ дызэрыхуищIар. Ар йогупсыс Дахэжан и дахагъэр НэжьгъущIыдзэ нанэм сэбэп зэрыхуэхъуфыным абы жьыфэ къытемыуэу и гъащIэр кIыхь хъуну зэрыщIэхъупсыр къыгуроIуэуэри.

ТIы персонажым игъэзащIэ ролыр тIуащIэщ, Iейуи фIыуи пхужыIэнукъым, ауэ зыщ жыпIэфынур: ар мэлу зэрыщытыр къэзыгъэлъагъуэр ТIым НэжьгъущIыдзэ зэрыхущытыращ, мэлхэр здахум макIуэ, дыгъужь ялъагъумэ мэшынэр, апхуэдэущ тIыр мы пьесэм зэрыхэтыр. Нэхъ кууэ уегупсысмэ, абы игъэзащIэ ролыр щIагъуэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, НэжьгъущIыдзэ доIэпыкъу, жиIэхэр егъэзащIэ. Пьесэм ТIы персонажыр къыщыхэщыр ипэ щIэдзэмрэ и кIэухымрэщ. ИкIэм къызэрыхэщыр НэжьгъущIыдзэ яубэрэжьыну зегъэхьэзыру, ипэм «Ди нанэ» жиIами, иужькIэ и кIэн къикIыжыркъыми иубэрэжьыну зегъэхьэзыр. ТIы персонажым и ухуэкIэр ебгъэщхь хъунущ урысхэм я псысэ персонаж Баба Ягам дыIэпыкъуэгъуу иIауэ щыта Кот-Баюн, Гуси-Лебеди, нэгъуэщIхэми. ЯпэщIыкIэ ахэр Баба-Яга дэщIыгъущ, ауэ икIэм игъусэжхэкъым…

Пьесэм къыхэщыж Джэду персонажым уигу къегъэкIыж урыс таурыхъ «Морозко» хэта уд фызыжьым и унэм щIэса джэду фIыцIэр. Дэтхэнэ джэдуми ещхьу, Лыкъуэжь Нелли и пьесэм къыхэщыж Джэдур джэду гъэфIэнщ. Нанэм шхыным я нэхъ IэфIыр ирегъэшх, егъафIэ, йоубзэ. «Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым сэ нанэжь нэхъыфIу сыкъызэрилъагъум. Сэ щхьэнтибгъум сытесщ, зэгъунэгъуибгъум я шэ пэгунибгъур къысхуехьри сегъэтхъэж. Тхьэм ещIэ, иджы схуипщэфIауэ сынэсыжыныр. ТхьэмщIыгъуныбэ, ныбапхъэ?». Езым хуэдэ дунейм темыту зыкъыщохъуж. ЗыфIэдахэщ, зыфIэбэлыхьщ. И гъусэр фIэделэщ, тIэкIуи зримыпэсу пIэрэ жыпIэу: «Ахьей, а хьэуазэпIэм

хэлъыр, мэкъу Іэмбатэм хэшхыхьыр сэ къыспимыщІынрэ абы» [Лукожева 2021: 123]. Аращ хужиІэр ТІым.

Нанэми и джэдур фІыуэ елъагъу: «ЗэвгъэцІыху. Мыр си джэду нагъуэ цІыкІуращ. Си гъэфІэнщ. КъакІуэ мыдэ си щабэ цІыкІу» [Лукожева 2021: 127]. Джэдур быдэщ, зыми зыри иритынукъым. Сысейр сысейщ жыхуиІэщ. Нанэм хьэщІэ къыщыхуэкІуэр фІэфІкъым, зэгуоп: «Сэ сыхуейкъым, си нэр кьижу мо Іейхэм си шэр ирафыжыну, си щхьэнтэр зыщІадзыну. Нанэ и шэ пэгунибгъум сыхэфа нэужь, къауц щхьэнтэм тесыпхъэр сэращ. Зы-щыв-мы-гъэ-гъуп-щэ. ЗыщІевгъэх дахэкІэ» [Лукожева 2021: 130].

Зи унэ щІэсым ещхьу пьесэм щытлъагъу Джэду акъылышхуэ бгъэдэлъкъым. КхъузанэкІэ псы къызэрыпхуэмыхьынур занщІэу къыгурыІуакъым. Езыми НэжьгъущІыдзэ и псалъэр тІу ищІкъым, и унафэм фІэкІкъым. ІуэхугъуэхэрзэрызэкІэлъыкІуэм уригъуазэурэ урикІуэмэ, къыболъагъу Джэду персонажыр и нэпсеягъэм текІуэдэжа зэрыхъуа щІыкІэри. ШыкъумцІий ар гъэпцІагъэкІэ «Сэ сщІэрт ар гувэ - щІэхми, сещакІуэм, сещакІуэурэ, а щхьэ гъурыр къызэрысІэрыхьэнур, къэпым сигъапщхьи псынщІэу къэзгъэубыд а дзыгъуэ гъуамэр, гъуэмбым (гу лъытапхъэщ мыбдеж къакІуэ «гъуэмб» псалъэм ипІэкІэ «гъуэ» жиІэуэ щытын зэрыхуейм. Аннаграммэм и щапхъэщ. – А.А.) имыпщхьэж щІыкІэ» [Лукожева 2021: 133], жиІа нэужь ар къэпым ирегъапщхьэри и щхьэр епхэж. Пьесэм и кІэух Іыхьэхэм деж апхуэдиз къыхуэзыщІарэ, апхуэдиз къезыгъэшха нанэжьым жиІэр и фІэщ мыхъуу, къелъэІукІи къимыгъанэу йокъури йожьэж.

Алмэстыхэр, хьэщхьэвылъэхэр, бзаджэнаджэхэр, нэджэІуджэхэр Нэжьгъужьыдзэ и Іуэхутхьэбзащ Іэхэщ. Ныуэжь ябгэм жиІэр я унафэщ. Ар бзаджэнаджэрэ нэджэІуджэу дунейм тетым я гуащэщ. «ЛІэ» яжриІэ къудеймэ, абыхэм загъэлІэжыну хьэзырыххэщ. КъедбжэкІа отрицательнэ персонажхэм зэдэууэ НэжьгъущІыдзэ дунейпсом и тету, и тепщэу ябж. Абыхэм нэху ялъагъункІэ Іэмал иІэкъым, я нэхэр щоункІыфІыкІ, абы и къыхэкІкІи мэз кІыфыр я хэщІапІэ-псэупІэщ.

Къару шынагъуэхэм я лІыкІуэхэм ШыкъумцІийрэ и ныбжьэгъухэмрэ гъэру къыщаубыдам, япэу яшхыну хуожьэ. ЖыпІэ хъунущ а нэджэІуджэхэм цІыху, хьэкІэкхъуэкІэ я мымыхьэмышхыу щытауэ. Псом хуэмыдэу ахэр къуейщІейщ, хьэлыншэхэщ. Абы и зы щапхъэу къэпхь хъунущ а шынагъуэжьхэм я гъэрыпІэ ихуа, Нэхум и лъыхъуакІуэ ежьа ныбжьыщІэ цІыкІухэр япхыу, щыдыхьэшхыу, я щыгъынхэр щаудыну хуейуэ, я хъуреягъыр къызэрафыхьыр.

ГущыкІ зыхуозыгъэщІ персонажхэм псоми зыхуэпщылІ НэжьгъущІыдзэ фІыуэ ялъагъу, абы хуэпэжщ, абы папщІэ я псэр ятынущ. Езыхэм фызыжь ябгэм и дзэ хахуэм щыщ зауэлІу забжыж. Ауэ пьесэм щыпхрышащ гупсысэ куу, зэгуэр Іейуэ щытар фІы хъужыну гугъэ уигъэщІу. Феплъыт а Алмэсты пашэм жиІэм: - «цІыхухэр тшхын щыдвгъэгъэтыж, емыкІущ» [Лукожева 2021: 118]. Абы тепщІыхьмэ, жыпІэ хъунущ алмэстыхэм я ІуэхущІафэкІэ замыхъуэжыпэми, фІы гуэрхэри ягу къэкІыу. ТеплъэкІэ ахэр узижэгъуэнщ, номинкІапэщ, фІалъэ япытщ.

Алмэсты пашэ нэджэІуджэр зи ныбжь хэкІуэта Уэзрэдж ябгэщ. Ар алмэсты жьы дыдэхэм ящыщщ, абы къыхэкІкІи нэхъ губзыгъэщ, нэхъ бзаджэщ,

Iэмалшыщ. Адрей алмэстыхэми ещхьу Уэзрэдж ябгэ цIыхухэм, дуней нэхум ятеплъэ хъуркъым.

Пьесэм дызыщрихьэлIэ алмэстыхэм я Iеягъымрэ я нэджэIуджагъэмрэ уемыплъмэ, цIыху хьэл-щэн дахэ гуэрхэри яхэлъу къыпщохъу. Псалъэм папщIэ, Алмэсты хъыджэбзыр фIыуэ илъагъу алмэстым дэкIуэн папщIэ, гъэрыпIэ ихуа Домбей хуит къещIыжри къыщIегъэпхъуэж.

Псори зэхуэпхьэсыжмэ, жыпIэ хъунущ Алмэстыхэр, хьэщхьэвылъэхэр, бзаджэнаджэхэр, нэджэIуджэхэр япэ еплъыгъуэкIэ деж Iейуэ, ауэ уакIэлъыжыпэмэ, фIагъ илъэныкъуэкIэ хьэл-щэн дахэхэри яхэлъу.

Пьесэм образ категориеу къыщокIуэ щIыпIэр. Зэрытлъагъущи, пьесэпсысэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр пыухыкIауэ зы щIыпIэ гуэрым е зы топоним щхьэхуэм ешэлIауэ е епхауэ щыткъым. Абы къыхэкIкIи, къыжытIэн хуейщ «художественнэ принцип единства места, времени и действия» жыхуэтIэ пьесэ зэратх хабзэхэм авторыр тIэкIу къытекIауэ. Ар ныкъусаныгъэу къыумылъытэми мэхъу, сыту жыпIэмэ пьесэм къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэхэм абы щыпсэум, е абдеж къыщыгъэлъэгъуа лIыхъужьым и дуней тетыкIэ къагъэлъагъуэу щытщ. Псалъэм папщIэ, Плъыр-дадэ и башымкIэ жэщыр махуэу щызэрихъуэкIкIэ Iуэхур щокIуэкI къуажэ гуэрым. Бзухэм уэрэд жаIэ, адакъэхэр маIуэ, псори кьызэщIоушэ. МыдэкIэ алмэстыхэм, бзаджэнаджэхэм я гугъу щищIкIэ Iуэхур щекIуэкIыу дигъэлъагъур бгъуэнщIагъщ. Абыхэм нэмыщI Iуэхугъуэхэр щокIуэкI мэзым, губгъуэм, НэжьгъущIыдзэ и унэжь цIыкIум.

Пьесэм ущрохьэлIэ архаизмхэм, историзмхэм (псалъэм папщIэ, гъэриб, джэлэс, пхъэшку), абы къыдэщIыгъуу мусылъымэн диным ехьэлIа псалъэхэми (ярэби, тобэ, нэгъуэщIхэри). Иужьрей щапхъэхэм тепщIыхьмэ, авторым и зэман концептыр жыжьэ дыдэ нэсыркъым…

Пьесэр псом хуэмыдэу бейщ псалъэжьхэмкIэ, дэтхэнэ зы геройми псалъэжь къыжьэдэкIащ мызэ-мытIэу. Псом нэхъыбэу псалъэжь зи бзэ къыхэхуэр Плъыр – дадэщ.

Пасэ зэманым щыгъуэ хъуэхъухэмкIэ цIыхухэр къулейуэ щытащ. Пьесэми хъуэхъу дахэ куэди хэтщ, псалъэм папщIэ, цIыкIухэр зекIуэ щежьэм, Плъыр-дадэ яжреIэ «Сыхьэтым я нэхъыфIым тхьэм фыхуишэ!».

Пьесэ псор зытещIыхьар зэман зыхъуэжыныращ. НэжьгъущIыдзэ дуней нэхур, мазэр, дыгъэр, вагъуэхэр едыгъу, дуней псор кIыфI хъун папщIэ. Абы иужь цIыхухэр къэмыушыжыфу жейуэ къэнахэщ. Ауэ а жэщым ди лIыхъужь нэхъыщхьэхэр мыжейуэ ирихьэлIати, дуней псом нэхур къэзыхьыжыну къызытехуар ахэрщ. Махуэмрэ жэщымрэ зызыблахъун зэрыхуейр IуэхузэфIэмыбз (проблемэ) нэхъыщхьэу хоувэ.

Лыкъуэжь Нелли и пьесэр гъэщIэгъуэну зэхэгъэува хъуащ. Псом хуэмыдэу абы илъэныкъуэкIэ гу зылъыптэр къэхъукъащIэхэм (екIуэкI Iуэхугъуэхэм) я зэкIэлъыхьыкIэмрэ абыхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэмрэщ, абы имызакъуэу таурыхъ хуэмэбжьымэхэр зэрыхэтырщ. Бгъэбелджылы хъунущ Нарт эпос стилистикэр авторым фIэкъабылу зэрыщытыр, абы и хабзэ зэтеувахэм закъытриIэтыкIыщэу щымытми. Сюжет ухуэкIэ, композицэ и лъэныкъуэкIэ пьесэр

зэрыщыту къапщтэмэ, езым и сюжет зиIэ мыпхуэдэ едзыгъуэ зэмылIэужьыгъуэу бгуэш хъунущ:

1. НэжьгъущIыдзэрэ абы и алмэстыхэмрэ дуней псо нэхур зэрадыгъуар. Мыр япэ дыдэ къэхъукъащIэщ. Плъыр-дадэ и «мэлхэр» игъэхъуу уафэгум ит пэтрэ, НэжьгъущIыдзэ дэнэ къикIами къыгурымыIуэу къохутэри, дыгъэр, мазэр, дуней псо нэхур, Плъыр-дадэ и башыр ядыгъу. Иджы дуней псор кIыфIу къызэтенащ, цIыхухэри къэушыфыркъым. Дадэ, и жейр фIэкIуэдауэ, и щхьэ кърикIуа мыгъуахэхэм хэкIыпIэ къахуилъыхъуэну хуожьэ.

2. ШыкъумцIий, Домбей, Щхьэжь, Дахэжан сымэ зекIуэ зэрежьа эпизодыр зэпыщIа хъуащ. Плъыр-дадэ гъуэгум щаIуощIэ ШыкъумцIий, Домбей, Щхьэжь, Дахэжан сымэ мыжейуэ, жыг щIагъым щIэту зэпеуэ-зэдауэу. Дадэ абыхэм яхуиIуэтащ еру бзаджащIэхэм нэхумрэ и мэлыхъуэ башымрэ зэрадыгъуар. Ар зэрызэхахыу, а гупым я зэпеуэн щагъэтри, ежьэу дуней нэху псор къахьыжыну зэгуроIуэ. Мис абдеж ещанэ эпизодымрэ етIуанэмрэ зэпыщIа щохъу.

3. Нэхумрэ Мэлыхъуэ башымрэ къэзыхьыжыну ежьа гупыр НэжьгъущIыдзэ и мэз хэщIапIэм къыщохутэ. Мыбдежым бзаджагъэ зигу къэмыкI лъыхъуакIуэхэр гъэрыпIэ йохуэ. Домбей тхьэмыщкIэжьи Алмэсты хъыджэбзым щыдихьэхым, щIежьа Iуэхур IэщIыб ищIу ар псэгъуу къишэ пэтащ. Ауэ цIыхубэ насыпым и лъыхъуакIуэ ежьа гупым гъэрыпIэм къикIыжу, а лъахэ шынагъуэм къызэрикIыжын Iэмалрэ хэкIыпIэрэ къагъуэтыфащ. Хуитыныгъэ лъагъуэм хуэкIуэ лIыхъужь цIыкIухэр здэжэм, псори зэщIыгъуу гъуэмбышхуэ гуэрым йохуэ. Ар Испым и хэщIапIэу къыщIокI.... Мыбдежым еплIанэ эпизодым къыщыщIедзэ.

4. Испым къыIэрыхьа «лIыкIуэхэр» и бгъуэнщIагъым щызэпрегъауэ къуажэхь къэщIэнкIэ. Щхьэжь мы эпизодым и зэфIэкIхэр щыдигъэлъэгъуащ. Испым къуажэхь псори Щхьэжь къищIащ. Абы хэтуи Уэзрэдж ябгэр кърохьэлIэри Дахэжан едыгъу. АдэкIэ нэхум, дадэ и башым и лъыхъуакIуэ ежьахэм я пщэ къыдохуэ иджыри зы Iуэхугъуэшхуэ – Дахэжан кърагъэлыну. Абдеж етхуанэ эпизодыр къэубла щохъу, ныбжьыщIэхэр шынэ ямыщIэу НэжьгъущIыдзэ и хэщапIэм макIуэ.

5. НэжьгъущIыдзэ и пэшым къыщыхута хъуа ШыкъумцIий удз фызыжьыр къегъапцIэ. Мыбдеж ШыкъумцIий зыхэт Iыхьэм щыщIедзэ. ШыкъумцIий хьэщIагъэшхуэ НэжьгъущIыдзэ зырыригъэхри, иужьыжым псыхьэ кхъузанэкIэ игъэкIуащ. Ар къэсыжыху езы гуп цIыкIури къыщIопхъуэж. И щхьэ кърапэса псор хуэмыхьыж щыхъум, НэжьгъущIыдзэ зэгуэпрэ зэгуэудурэ Плъыр-дадэ и деж къеблэгъащ.

6. Плъыр-дадэ НэжьгъущIыдзэ хьэщIагъэ кърех. «Хъыджэбз» хьэщIэр тIэкIуи ягъэукIытэу, уэрэд хужаIэу, щагъэсащ. НэжьгъущIыдзэ и напэ текIауэ зилъытэжри и хэщIапIэм игъэзэжыпащ, абы иужь зэй къыщIэкIыжакъым.

7. АдэкIэ Дунейпсо нэхур кърахьэлIэжри Плъыр-дадэ и вагъуэхэри иригъэтIысхьэжащ. Жэщымрэ махуэмрэ щIэрыщIэу зым зыр зызэблахъуу я гъуэгу техьэжащ.

Нелли лIыхъужьу и пьесэм хигъэхьахэм я образхэм уегъэгуфIэ, уи псэр дехьэх, тхыдэм и лъагъуэхэр зэрызэпымыужам ахэр зэрымыкIуэдыжынум урегъэгупсыс.

Драматург-либреттэтх Лыкъуэжь Нелли и фІэщ мэхъу, дэри ди фІэщ тщещІ адыгэм ди къэкІуэнур зэрымахуэр, фІы къызэрытпэщылъыр. Пьесэм куэдым урегъэгупсыс, пэжыгъэм, цІыхуфІагъэм дыкъыхуреджэ. Лыкъуэжь Нелли и пьесэ - псысэм и нравственнэ-этическэ къарур инщ, адыгэ сабий литературэм и хэлъхьэныгъэфІхэм ящыщ зыщ.

## СПИСОК ИСТОЧНИКОВ И ЛИТЕРАТУРЫ


Абазов, Ахметова 2015 – *Абазов А.Ч., Ахметова Дж. А.* Адыгские писательницы. Библиографический словарь. – Кайсери: Baskı all, 2015. – 225 с.

Адыгские сказки 2018 – Адыгские сказки. Т. 2. Волшебные сказки. – Нальчик: ИГИ КБНЦ РАН, 2018. – 519с.

Лукожева 2021 – Лукожева Н. Звездный камень. Пьеса-сказка. На основе адыгских сказок // Ошхамахо. – 2021. – № 5. – С. 108-139.


## REFERENCES


ABAZOV A.CH., AHMETOVA J.A. *Adygskie pisatel'nicy. Bibliograficheskij slovar'* [Adyghe writers. Bibliographic dictionary] – Kayseri: Baskı all, 2015. – 225 s. (In Russ.).

*Ady`gskie skazki. T.2. Volshebny`e skazki* [Adyghe fairy tales. Vol.2. Fairy tales]. – Nal`chik: IGI KBNC RAN, 2018. – 519 s. (In Russ.).

LUKOZHEVA N. *Zvezdnyj kamen'. P'esa-skazka. Na osnove adygskikh skazok* [Star stone. The play is a fairy tale. Based on the Adyghe fairy tales]. IN: Oshkhamakho. – 2021. – № 5. – S. 108-139 (In Russ.).



**Авторым теухуауэ**

А.Ч. Абазэ – филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат.

**Information about the author**

A.Ch. Abazov – Candidate of Science (Philology).

**Информация об авторе**

А.Ч. Абазов – кандидат филологических наук.



Тхыгъэр редакцэм къагъэхьащ 18.05.2022 гъ.; рецензэ нэужьым къащтащ 16.06.2022 гъ.; къытрадзэнущ 28.06.2022 гъ.

The article was submitted 18.05.2022; approved after reviewing 16.06.2022; accepted for publication 28.06.2022.

Статья поступила в редакцию 18.05.2022 г.; одобрена после рецензирования 16.06.2022 г.; принята к публикации 28.06.2022 г.